Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе байбихьана 1952 с.

# Гумбет



Гумбет районалъул газета

№ 23 (6484) 25 апрель 2016 с. Итни Ражаб 1437 с. Багьа 5 гъур.

ЦЕБЕТIЕЯЛЪУЛ НУХДА

## ГIумрудул даража борхизабулеб проект

### «Человеческий капитал» приоритетнияб проект тIубаялъул суал гьоркьоб лъуна

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас 19 апрелалда тIобитIана совещание. Гьениб гьоркьоб лъуна «Дагъистан Республика цебетIеялъул «Человеческий капитал» приоритетнияб проект Гумбет районалда тIубазабиялъул бугеб хIалалъул хIакъалъулъ» суал.**

Данделъиги рагьун, районалъул бетIерас абуна гьоркьоб лъураб суал кIвар бугеблъун кколин ва гьеб гIумруялде бахъинабизелъун планалде росарал киналго тадбирал тIуразе кколин.

«Спортивный Дагестан» подпроект районалда тIубаялъул бугеб хIалалъул бицана спорталъул ва гIолилазул политикаялъул комитеталъул нухмалъулев **НурмухIамад МухIамадовас.**

ГIадамал социалияб рахъалъ цIуниялъе гьабулеб бугеб хIалтIул бицана УСЗНалъул нухмалъулев **МухIамадрасул Эсенбулатовас.**

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Муса КъурамухIамадовас** абуна районалъул лъайкьеялъул гIуцIабаз



«Просвещение и духовное развитие» подпроект тIубаялъе гIезегIанго хIалтIи гьабунин. ТIоритIана олимпиадаби, мугIалимзабазул хIалбихьи тIибитIизабиялъе, гьезул махщел борхизабиялъе хIалтIи гьабула. КIвар буссинабула школа лъугIунел пачалихъияб хIасилазулаб аттестациялде хIадургьариялде. Киналго школазда цIалдохъабазулгун, гьезул умумузулгун бичIчIи кьеялъулаб хIалтIи гIуцIула.

Спорталъул ва гIолилазул политикаялъул комитеталъул нухмалъулев НурмухIамад МухIамадовас бихьизабуна гIолилазда гьоркьоб жигараб хIалтIи гьабулеб бугилан. ГIадатлъун лъугьун буго районалъул росабазул гIолилазул дандчIваял МахIачхъалаялда тIоритIи. Гьенир гIахьаллъула росабазул поселениязул бутIрул, депутатал, имамзаби, гьединго ДРялъул духовнияб управлениялъул вакилзаби. Гьединал тадбиразда гара-чIвариял гьарула терроризмалда дандечIарал темабазда. Районалда, республикаялъул шагьаразда Гумбеталдаса гIолилазда гьоркьор тIоритIула «Ниж терроризмалда, наркоманиялда ва алкоголизмалда данде» абураб ахIиялда гьоркь спортивиял къецал.

Сахлъи цIуниялъул бутIаялда кIудияб хIалтIи гьабунин абуна районалъул больницаялъул бетIерав врач **МухIамад СайгидахIмадовас.** ГIадамазе медицинаялъул хъулухъ гьаби ахирият соназ лъикI гIуцIун буго. ТIуразарула щибаб соналъ диспансеризация гьабиялъул, лъималазул ва чIахIиязул медицинаялъул халгьабиялъул планал. 2015 соналъ хIалтIизабизе кьуна ЦIияб ЦIиликь ФАП, бан лъугIулеб буго Нарыш гъутаналда фельдшерскияб пункталъе мина.

Совещаниялъул хIалтIул хIасилал гьарун, жавабиялги, тIуразе кколел болжалалги рихьизарун, чIван къотIарал тIадкъаял кьуна.

**«Гумбет» РИО**

ГIОЛОХЪАНЛЪИ АБУЛА...

## Босе адаб – дурго ярагъ,
## Адаб цIуне – дурго гьалмагъ

### Тарбия кьеялъул ва интернеталдаса пайда босиялъул суалал гьоркьор лъураб гургинаб стол

**20 апрелалда Гумбет районалда тIобитIана гIолеб гIелалъе лъикIаб тарбия кьеялъул ва интернеталдаса битIун пайда босиялъул суалгун гургинаб стол.**

Гургинаб столалда гIахьаллъи гьабуна Гумбет районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель **АхIмад Сулаймановас,** «М-1 Файтер» дунялалъул чемпион **Халид МуртазагIалиев,** лъайкьеялъул отделалъул кIудияй специалист **Загьра ГIабдулаева**, «Гумбет» информационнияб отделалъул бетIерав редактор **ХIамзат ГIизудинов,** Россиялъул МВДялъул Гумбет районалда бугеб отделалъул балугълъиялде рахинчIезда гьоркьоб хIалтIи гьабиялъул инспектор **МухIамад ХIусенов,** районалъул имамзабазул советалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев **Юнус-хIажи Темирсултанов,** МелъелтIа ДЮСШялъул директор **Барти Астимиров**, граждански яб оборонаялъул ва гIадатияб гуреб ахIвал-хIалалъул отделалъул нухмалъулев **ГIабдурахIман Дайтмирзаев,** гIемерфункциялъулаб гIолилазул централъул нухмалъулев **МухIамад Зубайров,**



гIолилазул проектнияб офисалъул нухмалъулев **Малачи Сурхаев,** шайих ГIаликъадил цIаралда бугеб мадрасаялъул директор **ГIали Камилов** ва цогидалги. Гургинаб столалъул гIахьалчагIаз бицана школлъимал ва гIолилал интернеталъул ва социалиял сетазул зарарлияб асаралдаса, экстремистазул ва террористазул тIадецуялдаса кин цIунизе кколелали.

Гумбет районалда кIудияб кIвар кьолеб буго гIолилазе диниябгун лъикIаб гIамалхасияталъул тарбия кьеялде, районалъул нухмалъулез диниял церехъабазгун, цIехрехалъул органазул вакилзабазгун цадахъ зама-заманалда гIолилазулгун дандчIваял гIуцIула районалъул росабалъ, республикаялъул шагьаразда. Гургинаб столалда тIадчIей гьабуна гIолеб гIел пачалихъалда дандечIарал, законалда данде кколарел, радикализмалъул ва терроризмалъул идеяздаса цIуниялъе гIоло тIадеги цIикIкIун къуват кьун хIалтIизе ккеялда.

**«Гумбет» РИО**

НОМЕРАЛДА РУГО:



Россиялъул чемпион кIодо гьавуна Гумбет районалда

-2 гьум.



Электроннияб иргаялда -28 лъимер

-3 гьум.



Гьарадирихъа Салман-хIажиясул гIелмиял дарсал

-3 гьум.



Хвалчадул къвакIиялдаса къалмил тамахлъи бергьунеб

-3 гьум.

РОРХАТАЛ МУГІРУЗДА РУГО ГІАДАМАЛ

## Россиялъул чемпион кІодо гьавуна Гумбет районалда

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул МелъелтІа ДЮСШялда тІобитІана киокусинкай-каратеялъул рахъалъ Россиялъул кІицІолго чемпион, Европаялъул чемпион ва дуниялалъул чемпионаталъул призер ГІумар МухІамадов кІодо гьавиялъул тадбир.**

2016 соналъул 7 апрелалда МелъелтІа ДЮСШялъул воспитанник ГІумар МухІамадовас Москваялда тІобитІараб Россиялъул чемпионаталда киокусинкай-каратеялъе тІоцебесеб бакI ккуна. «Гумбет район» муниципалияб районалъул администрациялъул, районцоязул рахъалдасан чемпионасда спортальулъ бергьенлъи баркана спорталъул ва гІолилазул политикаялъул комитеталъул нухмалъулев **НурмухІамад МухІамадовас.** Жиндирго кІалъаялда ДЮСШялъул нухмалъулев Барти Астимировас абуна къокъаб заманалда Гумбет районги, Дагъистанги, МелъелтІа спортивияб школаги **ГІумар МухІамадовас** машгьур гьабунин ва районалъул гІолилазулъги гьира-шавкъ бижизабунин бергьенлъабаз спортальулъ щвеялъе гІоло къеркьезе.

ГІумар МухІамадовасда бергьенлъи баркана эркенаб гугариялъул рахъалъ спорталъул мастерлъиялде кандидат **Шамил Халидовас,** чемпионасе кьуна ракІалде щвеялъул сайгъатал, гьарана гІолохъанав спортсменасе хадурккунги бергьенлъаби.



«ГьабсагІат ГІумар хІадурлъулев вуго дуниялалъул чемпионаталде, гьеб букІине буго 2016 соналъул 12 июналда. 4 лъагІалида жаниб цо нухалъ тІобитІула гьеб», - ян абуна чемпионасул тренер ва эмен **МахІмуд МухІамадовас.** ЛъикІаб гьоболлъиялъухъ ва дандчІвай гьабуралъухъ районцоязе баркалаги кьуна.

**«Гумбет» РИО**

## ЦІалдохъаби тарихиял бакІазде сапаралъ ана

**Памятниказул ва тарихиял бакІазул халкъазда гьоркьосеб къоялъул хІурматалда ва маданияб ирс цІуниялъул суалазде кІвар буссинаби мурадалда, Гумбет районалъул лъималазул творческияб рукъалъул край лъазабулезул кружокалъул цІалдохъаби тарихиял бакІазде сапаралъ ана.**

18 апрелалда кружокалъул нухмалъулей **Жамиля МухІамадовагун** цІалдохъаби ана АхІулгохІде, ЛъанлъарІ росдал гІагарлъухъ бараб сиялде. Хадур лъимал щвана ЧІиркъатІа росулъе унеб нухда аскІоб бараб сиялде. ЦІалдохъабазда гьваридго лъана АхІулгохІалъул, Лъанлъари, ЧІиркъатІа рарал сиязул тарих. Масала, ЧІиркъатІа си бан буго гІага-шагарго IX гІасруялда. Дагъистаналда ислам тІибитІизабизе вачІарав ГІарабазул полководец Абулмуслим шайихасул вац ГІалисултанил хІурматалда. Гьев вукъун вуго гьеб росдал хабалалъ.

«ГІолеб гІелалъе ВатІан бокьиялъул рухІалда тарбия кьеялъе тарихиял ва маданиял памятниказдаса пайда босиялъе кІудияб кІвар буго. Маданиябгун тарихияб ирс цІуниялде ва лъазабиялде, гІолохъанаб гІелалъуль жигарчилъи борхизабиялде пикру буссинабизе ккола, - ян абуна спорталъул ва гІолилазул политикаялъул комитеталъул нухмалъулев НурмухІамад МухІамадовас.

**«Гумбет» РИО**

ГІЕЛМУ – ХАЗИНА

## ХІисаб гІелмуялъул олимпиада

Гьаб соналъул 16 апрелалда Гумбет районалда пагьму-гьунар бугел лъималазул интернаталда тІобитІана 4 классазул цІалдохъабазда гьоркьоб районалъулаб хІисаб гІелмуялъул олимпиада. Гьелда гІахьаллъана 18 школалдаса 45 цІалдохъан.

Олимпиадалда тІоцебесеб бакІ ккуна ГІашура Зугьайровалъ – МелъелтІа СОШ, кІиабилеб бакІал Загьра Зубайровалъ, Макка Жамалудиновалъ – ЦІияб Аргъвани СОШ, лъабабилеб бакІазе мустахІикълъана МухІамад МухІамаднaзиров, МухІамад ХІайбулаев – ЦІияб Аргъвани СОШ, ПатІимат АхІмаднабиева – МелъелтІа СОШ, ГІайшат СагІадулаева – ЦІаналъ ООШ.

Районалъул лъайкьеялъул отделалъул рахъалдасан олимпиадалда бергьаразе кьуна дипломал.

**ГІайшат Исламбиева**

ЛЪАЙКЬЕЯЛЪУЛ ХІАРАКАТЧАГИ

## Мисаллъун хутІила нижей Чалаби

**ГІадан хола, гІаданлъи нахъе хутІула. ГІадан ракьулъе уна, лъикІаб иш ракьалда хутІула. Гьединаб буго умумузул аби. Жидер лъикІал ишал ракьалда хутІарал, захІматалъ берцин гьарурал гІадамал гІемер рукІуна дуниялалда. Гьединавлъун вукІана, 2016 соналъул 11 февралалда гІумруялдаса ватІальарав, лъималазе тарбия-лъай кьолаго гІумру арав, директорзабазулги директор МухІамадов Чалаби Бекмирзаевич.**

МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул нухмалъулевлъун 54 соналъ хІалтІана гьев. Гьесулъ букІана гІажаибаб гІаданлъи, гІадан хиралъи, инсанасул къимат гьаби.

МагІарулазул аби буго, вижараб бакІалда бараб букІунила инсанасул гІамал-хасиятилан. 1937 соналда МухІамад Бекмирзаевасул хъизаналда гьавурав, гьесулги Султанатилги тарбия щварав, гьитІинго магІарул махІги яхІги жиндилъ бессарав, гІолеб гІелалъе тарбия, лъайкьеялъул махщел камилав Чалаби батІияв чилъун лъугьине рес букІинчІо. Заман анагІан камиллъулеб ва бечелъулеб букІана Чалабил мугІалимлъиялъул ва директорлъиялъул хІалихьи. Гьелъие нугІлъи гьабула 54 соналъ хисичІого директорлъи гьабиялъ ва щварал шапакъатаз.

Гьел сонаазда, Чалаби МухІамадовасул хІаракаталдалъун, тІадчІеялдалъун, бажари букІиналдалъун гІемер хІалтІаби гьаруна школа цебетІеялъе.

1978 соналъул марталда райцентралда хІалтІизе лъугьана 640 цІалдохъанасе бакІ бугеб лъабготІалаялъул школа. Сверухълъиялда чІана гъутІби. 1,5 гектаралда школлъималаз росдада цебе бугеб ЦІинабалъ абулеб бакІалда накІкІил гъутІбузул хъвана. Гьениб гІун бачІун буго накІкІил рохь. Школалда аскІобго буго гІатІидаб спортивияб зал. ГІуцІун руго физкультураялъул, тарбия кьеялъул ва спортивиял тадбирал тІоритІиялъе шартІал. 2008 соналъ МелъелтІа гьоркьохъеб школалъ бергьенлъи босана «Лъайкьей» приоритетнияб миллияб проекталда рекъон хІалтІи гІуцІиялъе. Чалаби директорлъун хІалтІарал соназ гьоркьохъеб школа лъугІана 1813 цІалдохъанасул. Медалазда лъугІизабуна 22 чияс. ТІадегІанаб лъай щвана школа лъугІаразул 93 проценталъе. Рахъана гІелмабазул доктор-алги, кандидаталги, вузазул проректоралги, ДРялъул халкъияб Собраниялъул депутаталги. Школа кидаго букІана кадрабазул кьебелъилъун. Улкаялъул шагьараздагун росабалъги хІалтІулел руго тохтурзаби, мугІалимзаби, росдал магІишаталъул махщалилал. Гьез мустахІикъаб бутІа лъун буго социалиябгун экономикияб цебетІей росулъ, районалда, республикаялда, Россиялда букІинабиялъулъ.

Школалъул материалиябгун техникияб база щула гьабиялъулъ гІемераб хІалтІи гІуцІана. Ахирисял соназ школалде бачІана гьанжесеб цІалулгун лабораторнияб



къайи, лъайкьей камил гьабиялъе рес кьолеб буго компьютераз. Гьел руго лъун байбихьул классаздаги, библиотекаялдаги, гІемерисел кабинетаздаги. РукІалиде ккезабун буго электродневникалъул хІалтІи. Лъабго кабинеталда буго интерактивияб доска. ХІалтІулеб буго компьютерниябкласс. Интернет буго 8 класс – кабинеталъуб. МелъелтІа гьоркьохъеб школа лъугьун буго социалиябгун культурияб центрлъун. Дарсаздаса къватІибехун гьабулеб хІалтІулъ гІахьаллъула школлъималазул 70 – 80 % . Лъимал хьвадула тІадеги лъайкьеялъул кружоказдe, искусстваялъул школалде, лъималазулгун гІолилазул спортивияб школалде.

Бечедаб хІалбихьи буго школалъул цІалдохъабазе рагъулабгун тарбия кьеялъул тадбирал тІоритІиялъе. ТІоритІула ВатІан бокьиялъул темабазда конкурсал, рагъулабгун спортивияб хІай «Бергьенлъи» ва цогидалги тадбирал. Библиотекабазул хІалтІухъабазулгун щулияб гьудуллъи букІуна. Цониги цІалдолезул конференция районалъул библиотекаялда унаро цІалдохъабаз, учительзабаз, школалъул дирекциялъ гІахьаллъи гьабичІеб. МелъелтІа гьоркьохъеб школалда тІоритІула районалъул олимпиадаби.

Олимпиадабаздаги, «ЛъагІалил цІалдохъан», «ЛъагІалил учитель» конкурсаздаги, спортивиял къецазда цебехъанлъи бихьизабула нижер цІалдохъабазги учительзабазги. ГІахьаллъула республикаялъулал олимпиадабазда. 2011 соналъ 11 классалъул цІалдохъан ПатІимат ГІалиевалъ авар мацІалъул республикаялъул олимпиадаялда бергьенлъи босана. Цебесеб соналъги бергьенлъи щун букІана гьелъие. 2013 соналъ 8 классалъул цІалдохъан ПатІимат МухІамадова яхьана Расул ХІамзатовасул 90 сонил юбилеялъе сайгъат гьабураб, кучІдул цІалулезул республикаялъулаб конкурсалъул призерлъун. Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва гІелмуялъул министерствоялъул тІоцебесеб даражаялъул дипломалъе республикаялъулаб гІагараб ракь лъазабиялъул олимпиадаялда мустахІикълъана 2010 соналъ 7 классалъул цІалдохъаби А. Ахкубегова ва П. МухІамадова. 2013 соналъ «Дун Россиялъул гражданин» республикаялъулаб акциялда тІоцебесеб даражаялъул диплом щвана школалъул жигарчагІазул къокъаялъе. 2013 соналъ 10 классалъул цІалдохъан А. Халидова яхьана авар мацІалъе республикаялъулаб олимпиадаялъул призерлъун.

МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул цІалдохъабаз бергьенлъаби росула районалъул, зоналиял, республикаялъулал спортивиял къецазда. Хасго речІчІухъабаз гьаруна рази.

Гьел ва цогидал тІадегІанал хІасилал росиялъулъ кІудияб бутІа лъуразул цояв вукІана мунагьал чураяв Чалаби Бекмирзаевич. Рехселин гьесие щварал цо-цо шапакъатал. 1978 соналъ мустахІикълъана «Халкъияб лъайкьеялъул отличник», 2001 соналъ – Дагъистан Республикаялъул мустахІикъав учитель» абурал цІарал. 2005 соналъ щвана Россиялъул профсоюзаз 100 сон тІубаялъул хІурматалда юбилеялъулаб медаль. Хъизан гІуцІаралдаса 50 сон тІубаялъул хІурматалда, 2012 соналъ кьуна «За любовь и верность» медаль.

79 сон тІубалаан исана Чалаби МухІамадов гьавуралдаса. Гьесул юбилей гьабиялде хІадурлъулел рукІана ниж. ЖивгодиректорасдагиракІалда букІана педколлективгун, школлъималгун дандчІвазе, жиндирго захІматалъулаб хІаракатчилъиялъул, гІумрудул нухалъул бицине. Амма халатбахъараб унтуца киналъего квалквал гьабуна, тІурачІо анищал, хутІичІо юбилей кІодо гьабизегІан. Алпагьас хьван букІун гьечІо директорги, мугІалимзабиги, цІалдохъабиги дагьалги соназ цадахъ рукІине. Ахират лъикІаб къун батаги гьесие. Гьунар камилав мугІалим, гІамал лъикІав инсан Чалаби МухІамадовасе насибльаги, битІараб нухда тІовитІун ватаги. Амин.

Гьесул хІаракатчилъи, сахаб гІамал, гьес нахъа тараб 54 сонил лъайкьеялъул хІалбихьи гІолеб гІелалда ва цадахъ хІалтІаразда кидаго кІочене гьечІо.

**Равзанат ХІасанова,**
**МелъелтІа гьоркьохъеб школалъул мугІалим**

### МЧСалъулазе баркала

ХІаримагІарда машина къан, дица ахІи базе ккана Гумбет районалъул МЧСалде. Гьеб бахъизе, бетІерялда № 45 пожарнияб частъалъул нухмалъулев МухтарахІмад АхІмадовгун, кумекалъе гІадамал тІаде щвана. Дие кумек гьабуразе щулияб сахлъиги халатаб гІумруги гьарулаго, бокьун буго газеталдасан баркала кьезе МухтарахІмадиеги гьесда цадахъ рачІаразеги.

**Ордаш МутІалипов.**
**Данухъ росу.**

ЛЪИМЕР ГЬИМИЧIОНИ, ЧIУНТУЛА ДУНЯЛ

# Электроннияб иргаялда -28 лъимер

**Салимат ХIамидова гьаюна 1971 соналда Гумбет районалъул МелъелтIа росулъ. МелъелтIа гьоркьохъеб школа лъугIун хадуб, 1989 соналда, Салимат цIализе лъугьана Дагъистаналъул цIалул централъул бухгалтериялъул факультеталде ва гьеб тIокIлъигун лъугIизабуна.**

1990 соналъул тIоцебесеб ноябралда хIалтIизе лъугьана МелъелтIа микьгосонил школалъул вожатаялъун, гьенийго хIалтIана байбихьул классазул мугIалимлъун.

1994 соналда заочно цIализе лъугьана МахIачхъалаялъул гуманитарнияб институталде ва щвана тIадегIанаб лъай. ХIалтIана ДДТялъул педагоглъун, 2005 соналъул 24 июналдаса 2015 соналъул тIоцебесеб октябралде щвезегIан «Бакъ» ясли-ахалъул бетIерай бухгалтерлъун. Руго Салиматие щибаб хIалтIуда щварал грамотаби, шапакьатал. Педагоглъиялъул стаж гьелъул 25 сон буго.

2015 соналъул тIоцебесеб октябралдаса Салимат ХIами-довалъ нухмалъи гьабулеб буго «Бакъ» ясли-ахалъе. Гьелъулгун гара-чIвари гьабуна «Гумбет» басмаялъул хIалтIухъаналъ.

**- Салимат, гIемер заман гьечIо дур «Бакъ» ясли-ахалъул нухмалъулейлъун хIалтIулелдаса, хIалтIи сундасан байбихьараб? ХIалтIуе шартIал ругищ?**

- Дица нухмалъи гьабизе байбихьаралдаса гIемер заман гьечIониги, кIудияб кумек ккана гьаний хIалтIулей йикIун, коллективги дунги цоцазда ричIчIулел рукIин. ХIалтIи байбихьана дица лъайкьеялъул рахьалде кIвар кьолаго. ХIалтIи гьабизе шартIалги квешал гьечIо, коллектив гъункараб бугони, захIмалъи рагIунаро.

**- Ясли-ахалда чан лъимер буго? Гьезие шартIал ругищ? Бугищ гьел лъималазе гIураб мина?**

- ГьабсагIаталда ясли-ахалда буго 157 лъимер, букIине ккола 140. Щибаб кьойил ясли-ахалде бачIунеб лъимералъул гьоркьохъеб къадар бахуна 105 лъимералде, гьеб хIисабалдеги босун гурони, 100 процент бачIани лъималазе регизе, расандизе, лъайкьеялъе кIудияб кваклвал ккола. Жакъа кьоялде щвезегIан электроннияб иргаялдаги буго 28 лъимер.

Ясли-ахалда буго анлъго группа, гьеб анлъабго группаялъул тарбия кьеялда тIад хIалтIула 12 тарбиячIужу анлъго гьитIинай тарбиячIужуги.

**- 2016 соналъул 1 январалдаса ясли-ахалда хIалтIизаризе байбихьана тарбиягун лъайкьеялъул цIиял стандартал (ФГОС). Гьел стандартазул тIалабазда рекъон хIалтIи гIуцIун бугищ? Гьелда хурхун тарбиячагIи лъай борхизабиялъул курсазде ритIанищ?**

- 2016 соналъул 1 январалдаса байбихьун нижеца кIудияб кIвар кьолеб буго цIиял стандартазе. ХIалтIулел руго «От рождения до школы» программаялдасан ФГОСалъул тIалабалда рекъон. Гьаруна гIемерал хIалбихьиял, рукIана рагьарал лъайкьеялъул НОД (занятиял), хасго кIвар кьолеб буго школалде хIадурлъулел ругел лъималазде.

Нижер хIалтIуе кIудияб кумек ва квербакъи гьабула районалъул лъайкьеялъул отделалъул нухмалъулев Муса КъурамухIамадовас.

ЦIиял стандартазда лъай борхизабиялъул курсазде ун гьеб тIубана ва категориял гьаруна 7 тарбиячIужуялъ ва маялда курсазде ине гIарза кьуна 5 тарбиячIужуялъ. 4 апрелалдаса нухмалъулезул курсазде ана дунги.



**- Школалъулгун, умумузулгун нужер кинаб бухьен бугеб?**

- Умумузулгун нижер букIуна тIей гьечIеб бухьен. ЛъагIалида жаниб щибаб группаялда гьабула 4 собрание, гIаммаб собрание гьабула лъагIалида жаниб кIиго.

Дида ракIалде ккола собраниязда хадуб кIудияб гьира-шавкъ ва жавабчилъи бижанин умумузулъ.

Школалъулгунги букIуна бухьен. 21 марталда ун рукIана школалде рачине хIадурлъулел ругел лъималазул группаги тарбиячагIиги жидерго букIинесеб класс бихьизе. ТIоцебесеб классалда лъайкьезе бугел учительзабиги рачIуна лъималазул занятиязде. Учительзабазулги тарбиячагIазулги букIуна бухьен.

**- Лъималазул церерахъинал, гьезул гIахьаллъи.**

- Гьелъул бицине дие цIакъ бокьула. Ясли-ахалъул хIалтIухъабазда ккола гьел кинаго лъималазул улбул жалго ругилан. Гьедин рокьула лъимал нижее. Лъимералъул жинди-жиндилъ буго Аллагьасго кьураб махщел. Гьел махщелал тIиритIизаризе кумек гьабула тарбиячагIаз, музыкалъе нухмалъулелъ, физкультураялъул инструкторас. Гьезие кумекалъе чIола гьитIинал тарбиячагIиги.

Нижер лъималазул церерахъиназул бицун хIал кIоларо. Киналго хIалтIаби лъун руго цо чаналиго информация кьватIире кьолел бакIазда, нижерго официалияб сайталда. Гьел лъималазул махщел цо ясли-ахалда гуребги, тIолго районалда цо чанго нухалъ бихьана. Гьелъулъ кIудияб жигарчилъи бугел хIалтIухъабазе, умумузе бокьун буго ракI-ракIалъулаб баркала кьезе.

**- Ясли-ахалъе хIажатаб?**

- Ясли-ахалъе хIажатаб гIемер буго. Амма абичIого гIоларо иргаялда ругел лъималазе тIаде рагьизе кваригIун ругел группабазул. Цо цIияб группаялъе лъимал жанирго руго, жеги тIаде кIиго группаялъе лъимал иргаялдаги руго.

Исана ясли-ахалъе гьабулеб буго лъикIаб ремонт, хисулел руго гордал, нуцIби, хIажатаб бакIалда гIодоб чIабар. Кризис букIаниги гьелъие кIудияб жигар бахъана «Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер МухIамадгIали МухIамадгIалиевас.

Бокьун буго ракI-ракIалъул баркала кьезе тIолго коллективалъул рахъалдасан, умумузул рахъалдасан МухIамадгIали МухIамадгIалиевасе, райадминистрациялъе, гьелъул отделазул нухмалъулезе.

Аллагьас бихьугеги лъиданиги кваризи, ракъи ва рагъ.

**Гара-чIвари гьабуна ГIайшат Исламбиевалъ**

ГIЕЛМУ-ХАЗИНАЙИН ХВЕЛГО ГЬЕЧIЕБ ЖО

# Гьарадирихъа Салман-хIажиясул гIелмиял дарсал

**2016 соналъул 14 апрелалда Аллагьасул къадар щвана кIудияв, машгьурав гIалимчи Гьарадирихъа Салман-хIажи ХIажимухIамадовасе.**

Салман-хIажи ХIажимухIамадов гьавуна 1955 соналда Бакьулъ Гьарадирихъ росулъ. ГьитIинго байбихьана гIараб мацI лъазабизе ва исламияб гIелму цIализе. Гьесул лъимерлъи ва гIолохъанлъи ккана жеги дин гъукъараб, Къуръан малъулев ва цIалулев чи хасал хъулухъаз сияхIазде росулеб заманалде. Росабалъ росабалъе хьвадун, гIелму камилал гIалимзабазда цеве цIалун, тIалаб гьабуна Салман-хIажи ХIажимухIамадовас динияб лъай.



Салман-хIажил кIудияв эмен Гьарадирихъа КъурамухIамадил ГIизудин вукIана машгьурав ва гъваридав гIалимчи. ТIоцересел динияб дарсал гьесдасан щвана Салман-хIажие. Кокрек росулъ ГIизудиница дибирлъи гьабулел соназдаги гьесда цеве цIалулев вукIана жиндирго ясалъул вас Салман-хIажи. Хадуб Салман-хIажияс магIарулълъи тирана, гIелму-лъай тIалаб гьабун. Гьев цIалана машгьурал ва гIелму камилал мударисзабазда цеве: Кьохъа СултIанмухIамад-хIажияс, Данухъа ГIабдулхIамидица ХIапщиса Шамсудин-хIажияс, Аргъваниса МухIамадгIалица, Муниса МухIамадтIагьирица ва цогидалги гIалимзабаз малъана гьесда исламияб гIелму.

Северияб Кавказалъул муфтият дол соназдa букIана Щураялда (Буйнакскиялда). Гьанив Шималияб Кавказалъул муфтиясул заместитель Шамсудин-хIажиясдаса цеве цIалун, гьесдасанги щвана Салман-хIажиясе гIелму. Кьохъа СултIанмухIамад-хIажияс, жиндирго даражаялде вахинегIан гIелмуги малъун, гьанже дуцаго камил гьабизе бегьулин лъайилан тун вуго Салман-хIажи.

Жиндирго минаялъуб мадрасаги рагьун, мутагIилзабазда исламияб гIелму малъана Салман-хIажияс. Гьесда цере цIалана Гумбет, Хунзахъ, Унсоколо, Болъихъ, ЦIумада, ЦIунтIа ва гIемерал цоги районаздаса ва росабалъ лъимал, гIолилал. Салман-хIажиясда цере цIалана кьватIисел началихъаздаса мутагIилзабиги – Гьоркьохъеб Азиялдаса, ЦIоралдаса ва цоги бакIаздаса. Гьес дарс лъурал гIалимзаби жакъа хIалтIулел руго Дагъистаналъул бусурбабазул динияб идараялда, гьединго, росабазул ва шагьаразул борч борхун, дибирзабилъун ва жидеца цIиял гIелзада гIелму малъулел мударисзабилъун.

Салман-хIажи ХIажимухIамадов вукIана «ИбнухIажарал», «ЖавамигI», «ГIакъаид» абурал тIахьаздасанги дарсал лъолев, ункъабго мазгьабалъул имамзабазул кIудияв гIалимчи. Гьесул анищ букIана бусурбаби цолъи ва диналъул вац-яцазда гьоркьоб гъунки щулалъи. Аллагьас ахират лъикIаб кьун батаги гьесие. Амин.

**Информациялъул «Гумбет» отдел**

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН

# Хвалчадул къвакIиялдаса къалмил тамахлъи бергьунеб

### МелъелтIа гьоркьохъеб школалда – хъвадарухъабазулгун дандчIвай

**20 апрелалда Гумбет районалъул МелъелтIа гьоркьохъеб школалда тIобитIана поэтал ПатIимат АхIмадибировалъулгун ва ХIамзат ГIизудиновасулгун адабияталъулабгун музыкалияб дандчIвай.**

Тадбир рагьана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул директорасул тарбия кьеялъул рахъалъ заместитель **Рамазан МухIамадовас.** ЦIалдохъабаз цIалана поэтал **ГIиса Шарапудиновасул,** ПатIимат АхIмадибировалъул, ХIамзат ГIизудиновасул кучIдул, бицана гьезул гIумрудул ва творческияб нухалъул.

ПатIимат АхIмадибирова ккола 9 тIехьалъул автор, хъвала лъималазе кучIдул. Гьелъ лъималазе цIалана цIиял асарал.

Россиялъул хъвадарухъабазул Союзалъул член, «Гумбет» информационнияб отделалъул нухмалъулев ХIамзат ГIизудиновас цIалдохъаби ахIана жигараллъун, кибго лъикIаб рахъалъ мисал бихьизабулеллъун рукIине, районалъул ва республикаялъул газетазде хъвадарун, гьоркьобльи букIинабизе, кинабго рахъалъулаб цебетIей бугеллъун гIун рачIиналъе гIоло къеркьезе. Адабияталъул дандчIваялда ХIамзат ГIизудиновас цIалана жиндирго поэмаялдаса цо бутIа.

Лъималаз рихьизаруна Расул ХIамзатовасул «МагIарулай» поэмаялда ва Хизгил Авшалумовасул



«Иццухъ дандчIвай» хабаралда рекъон лъурал сценкаби, рихьизаруна кьурдул номерал, магIарулазул гIумру, рукIа-рахьин, Дагъистаналъул халкъазул гIадатал. Гьеб тадбир гIуцIана МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул авар мацIалъул ва адабияталъул мугIалим ХIабизат Бекмирзаевалъ, гьебго школалъул гIурус ва авар мацIалъул мугIалим ХIабизат Амагаевагун цадахъ.

Художественнияб литература цIалиялъул кIвараралъул бицана Гумбет районалъул централияб библиотекаялъул нухмалъулей **Сиядат ГIабдулмутIалибовалъ,** МелъелтIа гьоркьохъеб школалъул директорасул ишал тIуралев **ГIумахан МухIамадрасуловас** ва цогидаз.

Школалъул вакилзабаз поэтазе сайгъатал кьуна, гьалбадерицаги жидерго тIахьал сайгъат гьаруна.

**«Гумбет» РИО**

В ЗДОРОВОМ ТЕЛЕ - ЗДОРОВЫЙ ДУХ

# Европейская неделя иммунизации

### В Гумбетовской райбольнице с 24 по 30 апреля 2016 года проводится Европейская неделя иммунизации

**Широкомасштабная реализация программ иммунизации в последние 30 лет позволила достигнуть значительных успехов. Однако борьбу с инфекционными заболеваниями следует продолжить. Иммунизация ежегодно спасает миллионы жизней, и этот успех следует закрепить и поддерживать, ведь каждый ребенок заслуживает здорового начала.**

Будет осуществлен план подчищающей иммунизации против кори, а так же против пневмококковой инфекции. Профилактика внебольничных пневмоний.

Пневмония занимает первое место среди причин летальности от инфекционных причин болезней. В настоящее время пневмококки являются одной из лидирующих причин детской смертности.

В нашем районе из года в год регистрация случаев внебольничной пневмонии, как взрослых, так и у детей растет. Наиболее тяжело внебольничные пневмонии протекают у лиц пожилого возраста на фоне сопутствующих заболеваний, а так же у детей первого года жизни.

Внебольничная пневмония является полиэтиологическим заболеванием, преимущественно бактериальной, бактериально - вирусной или вирусной этиологии. У взрослых больных гриппом в 10-15 % случаев развиваются осложнения, причем 80% из них приходится на пневмонию.Основным механизмом передачи возбудителя является воздушно - капельный и воздушно пылевой пути. Источником инфекции при ВП, вызываемых условно- патогенными микроорганизмами и вирусами, в большинстве случаев является больной человек или носитель возбудителя.

В соответствии приказа Минздрава России от 21.03.2014 г. №125Н «Об утверждении национального календаря профилактических прививок и календаря профилактических прививок по эпидемическим показаниям» проводится вакцинация детей первого года жизни против пневмококковой инфекции. Первая вакцинация проводится в 2 месяца, вторая в 4,5 месяцев и ревакцинация в 15 месяцев (1г и 3 мес.). Если же ребенку исполнилось год, и нет еще 2 лет, то делается двумя аппликациями вакцинация и ревакцинация с интервалом не менее 2 месяцев. Дети, достигшие 24 мес.(2 г.) и не привитые ранее, прививаются однократно. При удлинении интервала между дозами, дополнительных введений пневмококковой вакцины не требуется.

**Когда нужно подождать с прививкой**.

Чтобы правильно реагировать на прививку, выработать необходимое количество антител и сформировать иммунитет, ребенок на момент вакцинации должен быть здоров. Прививки откладываются, если ребенок болен каким-либо острым заболеванием, когда у него есть насморк, кашель, диарея, температура, болит живот или голова или когда обострились хронические болезни. Абсолютные и относительные противопоказания к данной вакцине такие же, как и при других прививках. Поэтому остерегаться или же бояться прививать детей против пневмококковой инфекции не следует. Главное правильно выполнять рекомендации врача.

Помните, болезнь легче предупредить, чем лечить.

**Марьям Джанакаева,
районный педиатр**

ЗИГАРА

**«Гумбет район» муниципалияб районалъ, районалъул администрациялъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго «Село Нижнее Инхо» АСПялъул бетІер МухІамад Ибрагьимовасда, эбел ПатІимат Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе Алжан насиб гьабеги, нахъе ругелазе халатаб гІумруги кьеги.**

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиев,
районалъул администрациялъул бетІер ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров**

# ГІумардибиров Асадула Мирзаевич



**50 сонил гІумруялде вахарав Асадула Мирзаев Аллагьасул къадаралде щвана. Асадула гьавуна 1966 соналъул 5 маялда МахІачхъала шагьаралда, ЛъаратІаса ГІумардибировазул хъизаналда. 1980 соналъ лъугІана ЛъаратІа микьгосонил школа ва цІализе лъугьана МахІачхъалаялъул бакІал раялъул техникумалде. Техникум лъугІун хадуб Советияб Армиялда хъулухъ гьабизе ана ва 1986 соналъ тІадвуссана.**

1988 соналъ хІалтІизе лъугьана Хьаргаби электросетазул энергосбыталъул техниклъун.

2005 соналдаса гІумрудул ахирисеб къоялде щвезегІан хІалтІулев вукІана «ДЭСК» ПАОялъул Гумбеталъул отделениялъул нухмалъулевлъун.

«Гумбет район» муниципалияб районалъ, районалъул администрациялъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго Асадулагьил хъизан-лъимализда, вац МухІамад ГІумардибировасда, гІагаблжаразда. Хварасе алжан насиблъаги, нахъе ругелазе халатаб гІумруги кьеги.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетІер МухІамадгІали МухІамадгІалиев,
районалъул администрациялъул бетІер ГІабдулахІажи ГІабдулкъадиров**

ЗИГАРА

**«Гумбет район» муниципалияб районалъ, районалъул администрациялъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго ТІад Инхо росулъа ГІали МухІамадовасда, якьадэбел Аллагьасул къадаралде щвеялда бан.**

**Хваралъе Алжан насиблъаги, нахъе ругелазе халатаб гІумруги кьеги.**

**Приложение №2.
к положению о проведении спортивно-массовых мероприятий
к 71-й годовщине Победы в Великой Отечественной Войне**

## Республиканский турнир по вольной борьбе на призы олимпийцев Хаджимурада Магомедова и Мурада Гайдарова

**Условия и участники соревнований.**

**Соревнования проводятся по действующим правилам ФИЛА, 9 мая 2016 года.**

**Взвешивание участников - 8 мая с 16:00 до 18:00 часов и с 9:00 ч. до 10:00 ч. 9мая 2016 г.**

**Начало соревнований - 11:00 часов 9 мая**

- к соревнованиям допускаются спортсмены, прошедшие мандатную комиссию с паспортом.

Финансирование

Расходы по командированию участников, проезд в оба конца, питание и размещение несут командирующие организации. Расходы по организации и проведению соревнования несет администрация МР «Гумбетовский район».

В соревнованиях принимают участие - любой желающий.

Соревнования проводятся в весовых категориях: 74 кг. и 86 кг.

Допуск – 2 кг.

Заявки на участие в турнире принимаются письменно в день приезда.

Гл. судья соревнований - Б. Астимиров - (тел. 828524 10 10)

Награждение:

**1-е место- 25 000р.;**

**2-е место - 15 000р.;**

**3-е место - 10 000руб.;**

МАДАНИЯБ ТІАЛАБ ТІОБИТІУЛАГО

# Мурад - маданияб цебетІей

### Культураялъул хІалтІухъабазул данделъи

**21 апрелалда районалъул библиотекаялъул залалда тІобитІана культураялъул иргадулаб данделъи. Семинаралда гІахьаллъана Гумбет районалъул администрациялъул заместитель АхІмад Сулайманов, районалъул росабазул маданиял централзул нухмалъулел. Гьоркьор лъун рукІана росабалъ маданиял централзул хІалтІи цебетІезабизе ккеялъул хІакъалъулъ ва цогидалги суалал.**

Данделъи рагьана районалъул культураялъул, физическияб культураялъул, спорталъул, гІолилазул политикаялъул ва туризмалъул отделалъул нухмалъулев МухІамад ГІумардибировас. Гьес кьокьго бицана жакъа къоялда жаниб росабалъ маданияталъул централзул бугеб ахІвал-хІал ва кІалъазе рагІи кьуна АхІмад Сулаймановасе. Гьес бицана цо-цо росабалъ маданияталъул централ гІей гьечІеб хІалтІи гьабулеб букІиналъул, маданиял хІалтІухъабаз хІалтІи гІуцІизе кколеб кьагІидаялъул. КъваригІун буго киналго цадахъ лъугьун маданияб хІалтІи кутакалъизабизе, гІадамал разияб кьагІида букІинабизе. АхІмад Сулаймановас абуна райадминистрациялъул рахъалдасан хІажатаб кумек гьабизе бугила маданиял централзе ва хІинкъи гьечІолъиялъул паспортал гьаризе ккелин щибаб росдал маданияб централъе.

Динияб рахьги, светияб рахьги цадахъ бачине ккелин абуна хадув кІалъазе вахъарав районалъул маданияб централъул нухмалъулев Набигула АхІмадибировас.

**Исрапил Заирбегов**

БетІерав редактор
ХІамзат ГІизудинов
телефон: 26-254
Газета гІуцІаразул ва редакциялъул
адрес: 368930 Гумбет район,
МелъелтІа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Кьурмагьиз ХІадисова
Корреспондентал:
ГІайшат Исламбиева,
Исрапил Заирбегов
Фотомухбир: Гебек Гебеков
телефон: 26-404

Набор: Марям МухІамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос»
типографиялда
Типографиялъул адрес:
МахІачхъала, Пушкинил
къватІ, 6

Газета къватІибе бачІунаан
«Гумбеталъул колхозчи»,
«Вождасул васиятал»,
«Бакълъулазул нур» абурал
цІаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1373
Газета къватІибе
биччазе гъулбасана,
графикалда рекъон: 16 с. 00,
хІакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций
по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хІужабазул, цІаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.